

kubva kuna Abu Abdullah achiti izwi iri raive قليل 'vashoma' kwete ضعفاء 'musina simba'

c) Mashoko akataurwa nevadzidzi veboka remaShia nekuwirirana kwavo kuti Korani rakachinjinurwa:

1- Akataura Sheikh wemaShia ainzi Al-Mufiyd achiti: "zvirokwazvo nhaurwa dzakauya dzakawanda kubva kuvadzidzi vakatungamirirwa vekumhuri yaMuhammad (R.N.K) nezvekupesana kweKorani nezvitsva zvakaiswa imomo nevamwe vakarinyomba kuburikidza nekudzima uye nekubvisa (ndima)..." (Awailul Maqalaat – rakanyorwa na: Al-Mufiyd peji 80 rakadhindwa neDarul Mufiyd - achiiwirirana neboka raimirira musangano wepasi rose nezvebhuku rinonzi – Alfiyyatu Sheikh Al-Mufiydi), akataura kuti: "vakawirirana – veboka relmaamiyah – kuti vatungamiriri vakarasika – vachireva Abu bakr, naUmar, naUthman, nevamwe vadzidzi – vakapesana nendima dzakawanda dze Korani, zvekutoti vakatora gwara ravo vachisiya zvaidiwa nendima dzakadzika uye negwara raMuporofita ..." (Awailul Maqalaat: peji 46).

2- Hashim Al-Bahrani akataura munhanga nyaya yebhuku rinonzi Tafseerul Burhaan achiti: "zivai kuti chokwadi chisinga kwanise kugadziriswa maererano nenhaurwa dzakapararira dzirikutevera nedzimwewo kutaura kuti Korani ratiinano iri rakachinjinurwa mushure maMutumwa waAllah (R.N.K), uye avo vakarinyora mushure make vakasiya mazwi akawanda nendima dzakawanda..." (Tafseerul Burhaan raHashim Al-Bahraniy – Nhanganya nyaya peji 36).

3- Ni'matullah Al-Jazaairiy akataura achiti: "Zvirokwazvo vadzidzi vakawirirana kuti nhaurwa dzakapararira dzinoratidza zviripachena kuchinjinurwa muKorani, mumashoko aro, mukunyorwa kwaro, pamutauro waro, nepakutenda mariri ..." (mashoko akanyorwa na An-Nuriy At-Tibrisiy mubhuku rinonzi "Fasulul Khitaabi fi tahreef kitaab Rabbul Arbaab, peji 31).

4- Al-Majlisiy akataura mubhuku rinonzi (Mir'aatul Uqul) apo aitsanangudza chitsauko chekuti (Korani rose rakanyorwa nema Imaam rugare ngaruve kwavari) achiti: "Hazvifanire kuti zvive zvakavanzika kuti nyaya iyi nedzimwewo dzechokwadi dziri pachena kuti Korani rakabviswa nekuchinjinurwa (ndima dzaro), kwandiri nyaya dziri maererano neizvi

dzakapararira padudziro, nokudaro kudzitaura dzose kunoita kuti vanhu vasavimbe nenyaya idzi, asi ndinofunga kuti nyaya idzi hadzina kusiyana zvakananyanya nenyaya dzhutungamiri (Imaamah), saka vanodzitsigira Seiko nenhaurwa..."

5- Mudzidzi mukuru wechi Shia ainzi Al-Mazandiraani akataura achiti: zvakanva zvinowedzerwa pamusoro pezviri munhaurwa zvakanwanikwa nedambudziko rekuchinjinurwa, kubvisa chikamu cheKorani nekuchinjinura zvakanzimirwa nenzira dzedu dzakapararira padudziro sekuva pachena kwazvinokwanisa kuita kune uyo anofungisisa nezvemabhuku ema Hadith – aireva mabhuku ema Hadith avo – kubva pakutanga kusvikira pakupedzisira ..." (Sharhu Jaamiu a'la Kitaabul Kaafi ra Al-Mazandiraaniy 11/88).

Ndakati: mushure mezvinhu zvataratidza izvi, pane zvinhu zvatinofanira kumira pazviri:

- Ko tingakwanise sei kuva pedyo nevanhu vanotenda kuti Bhuku raAllah rakachinjinurwa?
- Ko, sei vamwe vanhu pakati peavo vane ruzivo, vachiti hapana musiyano uripo pakati pema Sunni nema Shia mukutenda kwavo vachiedza kuva pedyo navo? Zvino idzi ndidzo nhaurwa (mahadith) dzema Shia kubva kuvatungamiri vavo (malmaams) vnonzi vakadzivirirwa kubva kuzvitadzo, uku ndiko kuwirirana kwavo vachiti Korani rakachinjinurwa.

Saka zvinoita here kuti tisiye humboo huri pachena nokuda kwemashoko emudzidzi anoramba kutenda kunoita maShia kuti Korani rakachinjinurwa nekuda kweyavanoti 'Tuqayyah'² nekunyepa?

2 - Tuqayyah – kutenda kwema Shia maererano nemashoko akabva kuvadzidzi vavo inovaita kuti vanyepa pane zvose uye kuti vanowana maropafadzo pakudaro.

For more Islamic materials

Live chat and more: www.Islamtomorrow.com/
Many Islamic videos online: www.thedeenshow.com
Free Islamic online books: www.Islamic-Invitation.com/
Free of charge Islamic books: www.Islamic-message.net/cims/default.aspx
AHLAN : www.ahlan-group.com
www.facebook.com/Ahlan.Explore

MAGWARO ETSANANGUDZO

NEZVE KUTENDA KWEMA SHIA

KUTENDA KWEMA SHIA MU KORANI RINOYERA



سلسلة التعريف بعقائد الشيعة
(عقائد الشيعة في القرآن)



Conveying Islamic Message Society
P.O.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail: info_fr@islamic-message.net
E-mail: cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net
Not for sale يبرى ولا يباع

بلغة الشونا

KUTENDA KWEMA SHIA MU KORANI

Muzita raAllah, rugare nerunyararo ngazvive kuna Mutumwa waAllah. MaMuslim vazhinji vanofunga kuti hapana musiyano uripo pakutenda pakati pema Sunni nema Shia vachiedza kuvapedyo navo panguva yokuti mhandu dzechitendero chelIslam dzirikuhwandira maMuslim kumativi ose zvavo. Zvakare vanofunga kuti pakati pema Shia pane vanotenda mune zvinopesana nechitendero chelIslam, nevamwe vavo vari pakati nepakati, ndeavo veboka rema Shia rinozivikanwa kunzi "Imaamiyah, Ithna Ashariyah, Ar-rafidwah" uye kuti ndeavo vatinofanira kuva pedyo navo, ndivo vakaumba nyika inonzi: Iran, asi pachokwadi ndivo varikurwisa mamuslim eboka revateveri vedzidziso dzaMutumwa vanozikanwa kunzi: Ahlu Sunnah wal Jama.

Nokudaro kuti pakwanise kuva nemutongo chaiwo nezveboka iri tinofanira kuziva kutenda kwavo kubva mumabhuku avo mavanotora dzidziso dzechitendero chavo, kwete kubva mune zvinogotaurwa nezvavo. Naizvozvo tichatanga nekutsanangudza nezvekutenda kwema Shia muKorani Rinoyera iro Allah vakavimbisa kuti vacharichengetedza, asi veboka remaShia vanoti Korani rakachinjinurwa nevadzidzi vaMutumwa kuburikidza nenhaurwa dzinonzi dzakataurwa

Hama vadiwa izvi zvimwe zviratidzo kubva mumabhuku makuru ema Shia:

a) Zvinyorwa kubva kune vamwe vatungamiri veboka remaShia Ithna Ashariyah zvinotaura nezve kuchinjinurwa kwe Korani.

1- Ndinotanga neDua (munyengetero) rema Shia rakaitwa nemutungamiri wema Shia mukuru, mukuru wechimurenga chavo (Al-Khomeini), kunova kunyengetera kwaitwa nema Quraish apo vaituka **Abu Bakr na Umar** (Allah ngavafadzwe navo), ivo veboka remaShia vanotenda kuti vaviri ava ndivo vakachinjinura Korani:

1 - Hatikwanise kutaura nezvemabhuku iyayo uye nezvevanyori vacho kuma Shia nokuda kwekuti zvinyorwa zvino ipfupikiso chete, asi munokwanisa kuzoverenga bhuku rinonzi (Matha Ta'rifu a'ni Shia? – Unozivei nezve boka remaShia?) rakanyorwa ne Muasasatul Alya lin-nashri wat Tawzi

ngavafadzwe navo), ivo veboka remaShia vanotenda kuti vaviri ava ndivo vakachinjinura Korani

Munyengetero wavo unoti: "Veduwe-e Allah, kutukwa ndekwez-vidhori zviviri zvema Quraishi, nema Jibtu acho (zita rezvidhori zvainamatwa), nema dhimoni acho, nevanyepi vacho, nevana-sikana vavo vaviri, avo vakapesana nemurairo wenyu, vakaramba zaruro yenyu, vakaramba maropafadzo enyu, vasina kuteerera mutumwa wenyu, vakasandura chitendero chenyu, vakachinjinura bhuku renyu

(Mansour Hussein / Tuhfatul Awaam Maqbool, peji: 423 – 424).

2- Abu Abdullah (A.S) akataura kuti: "**Zvirokwazvo Korani rakauya naGabrieri (A.S) kuna Muhammad** (rugare ngaruve kwaari nemhuri yake) rakange riine ndima zviuru zvinokwana gumi nezvinomwe" (Usul Al-Kafi 2/634 zvinyorwa izvi zvakanzi ndezvechokwadi na: Ali Akbar Gaffariy – rakaburitswa ne: Darul Kutubul Islamiyah).

Ndakati: Zvinozivikanwa kuti Korani rema Muslim rine ndima dzinokwana zviuru zvitanzhatu nemazana maviri ane makumi mana (6240), zvichireva kuti pane chidimbu chakakura chinokwana 2/3 chakabviswa nevadzidzi vaMutumwa maererano nokutenda kwema Shia vakarasika.

3- Zvinyorwa zvaMaysar kubva kuna Abu Ja'far (A.S) akataura kuti: "**Dai pasina kuti bhuku raAllah rakawedzerwa, uye rikabviswa zvimwe, chokwadi chedu chingadai chisina kuvigwa kune vanochida ...**" (Biharul Anwaar 89/55 Nhaurwa yechi 25 – Dar Ihyau Turaathil Arabi – Beirut), Tafseeru Saffiy ra Kaashaaniy 1/41 – rakaongororwa naSheikh Hussein Al-A'lamiy – rakaburitswa ne: Maktabutut Sadr - Tehran)

b) Mifananidzo yekushandurwa kwakaitwa Bhuku raAllah nema Shia:

Zvakakosha zvikuva kuti tizive mifananidzo yekushandurwa uku, kune zvinyorwa zvakanorwa nevutungamiri vema Shia vanonzi vakadzivirirwa kubva mukutadza apo vakataura zviri pachena nezvekuwanikwa kwendima dzakachinjinurwa muKorani, somufananidzo vaitaura mashoko ekuti (seizvi rakazarurwa, kana kuti seizvi rakazarurwa na Gabrieri), asi vakaregedza kutaura maererano nezvinyorwa zvakange zvisingaburitse pachena nyaya iyi

HAMA VADIWA, IYI IMWE MIFANANIDZO YACHO Ndinovimba kuti muchaongororavo ndima idzi muKorani

1- Abu Ja'far akati: "Gabrieri akadzika nendima iyi kuna Muhammad seizvi: **وإن كنتم في ريب مما نزلنا على عبدنا في علي فاتوا بسورة** ... **من مثله** zvichireva: "Kana musingagutsikane pane zvatakadzikisa kune muranda wedu panyaya yaAli, chiuyayi nechitsauko chakafanana nacho..." (Usulul Kaafi 1/417 – Nhaurwa yechi 26, pasina kutarisa kuti Sheikh wavo ainzi Al-Majlisiy akataura nhaurwa iyi mubhuku rinonzi Bihaarul Anwaar 35/57 pasina izwi rekuti: **عينا** 'muranda wedu').

2- Abu Ja'far (A.S) akataura kuti: "Gabrieri akadzika nendima iyi kuna Muhammad seizvi: **فبذل الذين ظلموا آل محمد حقهم قولا غير الذي قيل لهم فأنزلنا على الذين ظلموا آل محمد حقهم رجزا من السماء بما كانوا يفسقون**...zvichireva: "Vakachinjinura avo vakadzvanyirira mhuri yaMuhammad kodzero yavo mashoko asirivo akataurwa kwavari, nokudaro takadzikisa kune avo vakadzvanyirira mhuri yaMuhammad kodzero yavo rushamhu kubva kudenga nokuti vakange vachitsaudzira ..." (Tafseerul Ayyashiy 1/45 – Tafseerus Saffiy 1/136, Biharul Anwaar 24/222).

3- Abu Abdullah (A.S) pamashoko aAllah anoti: **ومن يطع الله ورسوله في ولاية علي والأئمة عليهم السلام من بعده فقد فاز فوزا عظيما** ... zvichi-reva: "kune uyo anoteerera Allah naMutumwa wake pahutongi waAli nema Imaam, runyararo ngaruve kwavari mushure make, achave anobudirira zvakananyanya ..." akataura kuti: "seizvi yakadzika ndima iyi, ndinopika na Allah" (Tafseerul Qummiy 2/198, Biharul Anwaar 35/57).

4- Mumashoko aAllah anoti: **... ولقد نصركم الله بيدر وأنتم أدلة** zvichireva: "zvirokwazvo Allah vakakununurai kuBadr panguva yokuti makange muchitarisirwa pasi..." Abu Abdullah (A.S.) akataura achiti: " hazviite kuti zvinzi أدلة 'kutarisirwa pasi' ipo pakati pavo pakange paine Mutumwa waAllah, asi kuti ndima iyi yakadzika ichiti: **لقد نصركم الله بيدر وأنتم ضعفاء** : 'zvirokwazvo Allah vakakununurai Imi musina simba' (Tafseerul Qummiy 1/122 – Biharul Anwaar 89/63, pasina kutarisa kuti Al-Ayyashiy akataura